



## NC DEPARTMENT OF HEALTH AND HUMAN SERVICES



### **Rekòmandasyon pwovizwa KOVID-19 pou plas kote moun ap travay nan transfòmasyon ak preparasyon manje e ki baze sou rekòmandasyon CDC/NIOSH 20 Avril 2020**

#### **Entwodiksyon**

KOVID-19 ka gaye fasilman nan plas kote anpil moun ap travay youn tou prè lòt, tankou nan endistri transfòmasyon ak preparasyon manje . Pwopriyetè konpayi yo, manadjè ak sipèvizè yo ta dwe etabli plan pou redwi ekspozisyon moun yo a viris ki lakòz KOVID-19 la pou anpeche maladi a gaye nan mitan travayè yo. Moun ki gen plis pase 65 an ak moun ki te gen lòt maladi avan tankou dyabèt, maladi nan poumon ki te la lontan oswa maladi kè, oswa ki gen yon sistèm iminitè ki fèb (pa egzamp: kansè oswa moun ki ap pran medikaman iminosipresan) gen pi gwo risk pou yo malad grav akòz KOVID-19. Konplikasyon enfeksyon KOVID-19 gen ladan bezwen pou youn moun entènè lopital, resevwa vantilasyon mekanik e mouri.

Rekòmandasyon pwovizwa sa yo te devlope ak enfòmasyon ki soti nan Enstiti Nasyonal Sekirite nan Travay ak Sante (NIOSH) e yo te adapte pou itilize nan Karolin di Nò pa Depatman Agrikilti ak Sèvis Konsomatè (NCDA&CS) ak Depatman Sante ak Sèvis Imen (NCDHHS) Yo va mete yo ajou pandan ke lòt enfòmasyon nouvo ap vini. Bi rekòmandasyon sa yo se pou anpeche moun ekspoze a KOVID-19, lè sa posib, e pwoteje sante kominote yo ki nan Karolin di Nò ki gen ladan yon fòs travay ki inpòtan. Konpayi transfòmasyon ak preparasyon manje yo se yon biznis esansyèl e ki jwe yon wòl enpòtan nan founi kontinyèlman manje ki an sekirite e ki fè moun viv an sante. Rekòmandasyon sa yo fèt nan entansyon pou bay opsyon nan jesyon ke y ap itilize pou ogmante sekirite travayè yo. Yo pa la pou ranplase okenn nan plan ki te deja egziste pou sekirite ak sante travayè ke Depatman Travay nan Karolin di Nò (NCDOL) egzije, men pito pou ajoute sou sa ki la deja yo.

Istorikman konpayi transfòmasyon ak preparasyon manje yo nan Karolin di Nò te toujou kontwole pa NCDOL pou kesyon danje endistriyèl, ak Depatman Ameriken pou Sekirite Agrikilti-Manje ak Sèvis Enspeksyon (USDA-FSIS) ak NCDA&CS pou sekirite manje ak ijyèn. Sa pa gen lontan, aparisyon epidemi KOVID-19 la nan konpayi ki nan lòt eta yo, e kounye la a ki nan Karolin di Nò, egzije devlopman gid sa a kont yon nouvo kalite danje (transmisyon viris respiratwa de anlwaye a anlwaye) ki istorikman pat egziste nan konpayi sa yo. Avèk kontribisyon CDC-NIOSH, Sèvis Sante Piblik NCDHHS ak NCDA&CS devlope rapidman gid sa a nan yon jefò pou sipòte Konpayi k ap transfòme ak prepare manje yo.

Eleman kle yo nan yon plan prevansyon pou moun k ap travay kote ki gen vyann se 1) minimize ris pou ekspoze a viris la, 2) detekte bonè moun ki gen sentòm KOVID-19 la, e 3) izole ka sispèk yo oswa moun ki pozitif yo de lòt moun jiskaske yo pa gen enfeksyon a ankò.

## **Kreye yon plan konwòl enfeksyon KOVID-19**

### **Redui pwopagasyon yon epidemi ak kontinye operasyon yo egzije yon preparasyon ak etablisman modifikasyon anndan konpayi a.**

- Idantifye kowòdonatè sou plas pou jere pwoblèm KOVID-19 yo.
- Etabli yon kòdonatè pou byennèt moun yo nan travay la. Li va kontowle aplikasyon pwotokòl byennèt yo ki dekri anba a
- Detèmine kòman w ap ka travay avèk mwens moun.
- Etabli plan pou w kontinye fonksyon esansyèl biznis la
- Etabli espas de travay ki fleksib ak règleman pou peye konje e fè tout travayè konn sa.
- Fòme travayè pou yo ka fè fonksyon ki esansyèl yo e kenbe operasyon yo an fonksyon
- Etabli chanjman estriktirèl pou kreye espas ak baryè pou separe travayè yo
- Mete an plas bon jan pratik dezenfektan nan tout kote nan konpayi a
- Kreye kay pou izolman pou travayè ki bezwen izole e ki pa kapab izole tèt yo lakay yo
- Devlope yon plan komunikasyon pou pataje enfòmasyon chak jou pou ranfòse mesaj edikasyonèl yo, bay enfòmasyon ki ajou sou kantite ka ki konfime nan konpayi a, epi pataje dènye enfòmasyon sou etap ki pran pou kenbe travayè yo an sekirite, tankou fè tès ak trase kontak.

### **Fè evalyasyon pou w ka idantifye ki moun ki nan travay la ki gen ris pou pran KOVID-19 e kreye estrateji pou prevansyon.**

- Anplis de zòn travay yo, lòt zòn ki pou konsidere gen landann zòn transpòtasyon pou ale ak pou soti nan travay la, chanm kote moun pran repo, kafeterya, chanm kote moun met zafè yo, chanm pou zouti, zòn pou fè tchek, wout antre ak sòti nan zòn travay la, ak tout lòt zòn ki menm jan ak sa yo.
- Administrasyon travay la ta dwe bay Ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE), ke li idantifye kòm nesèsè nan evalyasyon sa yo, epi ranplase yo kan sa nesèsè (pa egzanzp, lè yo sal oswa kontamine)
- Yo ta dwe bay amplwayè yo Sanitazè ki fèt a baz alkòl ak savon pou yo itilize pou lave men yo

### **Swiv Konsèy Pwovizwa CDC yo-Pandan y ap mete kanpe bon jan pratik Sekirite pou Travayè Enfrastrikti Kritik yo e ki ta ka ekspozè a moun ki sispèk oswa moun ki gen KOVID-**

**19**[www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/community/critical-workers/implementing-safety-practices.html](https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/community/critical-workers/implementing-safety-practices.html) Gade sit la pou detay – chwazi pwèn kle ki anba a:

- Egzamine travayè yo pou wè si yo gen lafyèv (> 100.4 F) ak sentòm anvan yo travay e anvan yo monte machin transpòtasyon konpayi a tankou ti venn ak otobis
- Travayè yo ta dwe fè sipèvizè yo konnen si yo vinn malad pandan y ap travay
- Travayè ki malad pa ta dwe travay e ta dwe ale nan klinik pou fè evalyasyon e menm teste pou KOVID-19s
- Yo dwe fè Travayè ki malad yo konnen ke fanmi yo ak moun ki pwòch yo ta dwe teste tou pou wè si yo pa gen sentòm
- Yo dwe bay anpil atansyon a travayè ki gen souf kout oswa ki pa ka kanpe pou kont yo e rele rapid rapid 911 pou fè konnen ke gen yon ka sispèk KOVID-19 avèk sentòm ki sevè
- Travayè ki eskli nan travay yo konsa ta dwe resevwa konje peye jiskaske rezilta yo disponib epi pandan yo izole si yo pozitif
- Travayè yo ta dwe mete yon mas pou kouvri nen yo ak bouch yo.
- Toujou kenbe distans sosyal nan espas kote y ap travay la-wè seksyon ki anba a
- Dezenfekte e netwaye espas travay la-wè seksyon ki anba a
- Konsènan kontinye travay oswa pwoblèm retounen al travay pou travayè endividyèl:
  - o Pou travayè ki te pwobableman ekspozè a KOVID-19: [www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/downloads/Essential-Critical-Workers\\_Dos-and-Donts.pdf](https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/downloads/Essential-Critical-Workers_Dos-and-Donts.pdf)

- o Pou travayè kite malad e ki dwe retounen al travay:
  - Estrateji ki baze sou san fè tès. Eskli de travay jiska:
    - omwen 3 jou (72 zè) pase *depi geirzon*, defini kòm fen lafyè v la san itilizasyon medikaman pou bese lafyè v e amelyorasyon nan sentòm respiratwa (pa egzamp: tous, souf kout); e,
    - omwen 7 jou pase *depi sentom yo te fèk parèt*
- Travayè ki eskli nan travay yo konsa ta dwe resevwa konje peye pou peryòd de tan li te eskli a.

### **Tras Kontak**

- Kontak ta dwe trase pou nenpòt ka ki idantifye. Sa a pral yon fonksyon konjwent ant pwogram sante ak sekirite travay la ou anplwaye a avèk eta a ak antite lokal yo. Piske travayè yo kapab ekspozè ni nan sit travay la ni lakay yo, li enperatif ke antite komèsyal ak prive kolabore ansanm nan fonksyon sa a

### **Swiv yerachi kontwòl yo lè w ap aplike pratik kontwòl enfeksyon espesifik pou espas yo, epi enkli yon konbinezon de kontwòl ki note anba a**

#### *Teknik kontwòl*

- Òganize estasyon travay yo yon fason pou minimize kontak sere ant travayè ak travayè oswa enstale gwo plak de pwoteksyon transparan oubyen baryè kote sa posib
- Itilize metòd pou separe travayè yo fizikman nan tout kote nan konpayi a. Pa sèlman nan plas kote y ap travay la men tou nan chanm kote moun pran repo, pakin, zòn antre / sòti
  - o Itilize pratik tankou siy vizyèl ( Pa egzamp: Mak atè, siy), tant oswa lòtabri pwovizwa.
- Si yo itilize vantilatè andan konpayi a, asire ke vantilatè yo soufle bon jan lè ki pwòp nan zòn kote travayè ya ap respire

#### *Netwayaj / Dezenfeksyon / Sanitasyon*

- Dezenfekte zòn moun manyen anpil nan kote y ap fè pwodiksyon manje ak pwodwi ki ranpli Ajans Pwoteksyon Anvwonman (EPA) [kritè](#) pou itilize kont SARS-CoV-2 e ki apwouve pa pwosedi règ sanitasyon estanda konpayi a
- Asire w ke pwodwi netwayaj ki ap itilize nan zòn pwodiksyon manje yo ranpli kondisyon USDA
- Pou lòt zòn kote moun manyen anpil yo, sèvi ak pwodwi ki ranpli kritè EPA yo, solisyon klòwòks dilye ke yo sèvi nan kay, oswa solisyon alkòl ki gen omwen 70% alkòl la dann e ki apwopriye pou dezenfekte sifas.
- Si plizyè travayè itilize menm zouti- dezenfekte yo aprè chak moun fin itilize yo.
- Netwaye tanzantan plas kote moun manyen anpil ou kote moun ale anpil (tankou: revèy, ekipman twalèt, tab ak chèz ki nan chanm moun pran repo, machin soda, balistrad, manch pòt)

#### *Kontwòl administratif*

- Depistaj travayè-gade seksyon anwo a
- Diminye nomb de moun ki sou pwodiksyon liy la otan ke posib pou minimize kontak rapwoche ant travayè yo - konsidere pito vitès liy la kòm yon faktè enpòtan nan sans sa
- Echelone orè o. varye tan pou kòmanse ak tan pou brek yo otan ke posib
- Bay travayè yo ase tan pou yo ka gen aksè ak savon, dlo ak sèvyèt ki ka itilize yon sèl fwa pou lave men yo
- Sèvi ak resipian ke moun pa bezwen manyen kan sa posib

- Sèvi ak dezenfektan ki fèt a baz alkòl ki gen omwen 60% alkòl ladann si savon / dlo pa disponib

*Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl (PPE) e Sous kontwòl*

- Travayè yo ta dwe kontinye jwen e pote PPE obligatwa pou travay ke yo ap fè a
- Itilize mas jan nou te montre l pi wo a; ranplase yo lè yo kontamine oswa lè yo sal
- Ensiste sou bon fason pou moun mete ou retire atik tankou mas pou dinimye fason pou l vin sal oswa kontamine
- Ensiste bon jan [hand ijyèn](#) apre yo fin retire gan oswa bagay ki kouvri visaj

**Bay enfòmasyon sou kontwòl enfeksyon ak fòmasyon pou tout travayè yo**

- Kominikasyon / fòmasyon dwe fasil pou konprann, nan langaj ki apwopriye e nan lang ke travayè yo prefere pale osinon li pito, e ki gen ladan enfòmasyon ki egzat ke yo ka jwen lè yo vle.
- Sijè sa yo gen ladan yo, men yo pa limite a sa sèlman: rete lakay ou lè w malad, distans sosyal, PPE, pratik ijyèn lave men, ak fason potansyèl pou transmisyon (ak ki jan pou minimize yo) nan kominote a.